

Avèk kisa anviwònman an sanble?

Pèmi sa a se yon ti plak an fòm rektang, epitou ou kapab mete jiska 3 plak imatrikilasyon sou pèmi an.

Ki kote pou mwen mete pèmi an?

Mete pèmi ou yon kote ki byen **vizib** sou tabldò a nan bò chofè a.

Ki kote mwen kapab estasyon avèk pèmi mwen?

Avèk pèmi a, ou kapab estasyon pandan:

- **5 èdtan** nan zòn ki make "No Parking" ki toupre yon Kay oswa yon Mezon Kilt;
- **4 èdtan** toupre yon ponp finèb;
- **3 èdtan** nan yon lopital/sant medikal.

Esi yo mal ban mwen yon sitasyon?

Ou kapab prezante nan Sant Èd Operasyon Vyolasyon Estasyonman pou yon odyans ak prezante sitasyon an, pèmi valid ou, ak yon deklarasyon oral pou defann tèt ou. Ou kapab voye pa lapòs tou sitasyon an, yon kopi pèmi ou, ak deklarasyon ekri pou defann tèt ou ba:

New York City Department of Finance
Parking Violations Operations
66 John Street, 3rd Floor
New York, NY 10038

Pandan konbyen tan pèmi an valid?

Pèmi an valid pou yon ane apati dat yo te fè li pou ou.

Kijan pou mwen renouvle pèmi mwen?

Apre 60 jou anvan pèmi ou ekspire, w ap resevwa yon lèt renouvèlman. Swiv eksplikasyon ki nan lèt la. Retounen dokiman renouvèlman an avèk yon kopi papye anrejistremman aktyèl ak asirans pou chak veyikil ki nan lis sou pèmi an.

Esi pèmi an pèdi oswa yo vòlè li?

Moun ki genyen pèmi an fèt pou:

- Ale nan komisarya lapolis zòn nan kote ensidan an te pase a pou fè yon rapò
- Komisarya lapolis la ap ranpli yon "Fòm Enfòmasyon Ensidan Lapolis"
- Rele nou nan 718-433-3100 pou yon fòm "ki pèdi oswa yo vòlè". Retounen fòm ki ranpli a avèk yon kopi "Fòm Enfòmasyon Ensidan Lapolis" la

Esi mwen vle ajoute oswa chanje veyikil sou pèmi mwen?

Voye yon demann ekri sou papye antèt ofisyèl la avèk yon kopi papye anrejistremman veyikil la ak kat asirans **alafwa** pou chak nouvo veyikil, ansanm avèk pèmi orijinal la nan:

New York City Department of Transportation
Authorized Parking and Permits Division
Clergy Parking Unit
28-11 Queens Plaza North, 8th Floor
Long Island City, NY 11101-4008

Si ou genyen kesyon, tanpri rele nou nan **718-433-3100**, oswa ou kapab ale sou sit wèb nou nan www.nyc.gov/dot/permits



Enprime sou papye resikle 50%ak 25%fib pòs-konsomatè

Mizajou mwa fevriye 2011



Keyje

Pwogram Pèmi Paking

NYCDOT
OTORIZE
PÈMI PAKING &
DIVIZYON

Pwogram Pèmi Estasyonman Klèje te deziyen pou pèmèt klèje ki kalifye estasyon nan zòn "No Parking" ki toupre mezon kilt yo, ponp finèb yo, ak lopital yo lè y ap fè travay ministeryèl.

Ki moun ki kalifye?

Ou kalifye pou yon pèmi Klèje si ou travay anmwayèn pandan omwen 20 èdtan pa semèn alatèt oswa ap dirije lòt sèvis yon sosyete relijye oswa asosyasyon relijye ki genyen nenpòt non.

Ki kalite veyikil ki kapab itilize avèk Pèmi Klèje?

Manm klèje, sosyete relijye oswa asosyasyon relijye kapab fè pati lis ki sou pèmi an, yon machin pasaje ou posede, anrejistre oswa lwe pou anpil tan. Machin pasaje a fèt pou ekipe pou pote pa plis pase 15 moun, ak chofè a tou. Epitou ou fèt pou itilize machin nan sèlman pou fè travay ministeryèl nan mezon kilt yo, nan lopital, oswa nan ponp finèb.

Kisa yon Mezon Kilt ye?

Yon Mezon Kilt se yon bilding ki itilize kòm yon espas reyinyon pou manm yo pratike kilt, epitou ki klase dapre Depatman Gwoup ki Okipe Bilding Vil Nouyòk F-1(b).

Kijan pou mwen aplike?

Ou kapab jwenn yon aplikasyon sou sit wèb DOT nan www.nyc.gov/dot oswa ou kapab rele Depatman Transpò Vil Nouyòk, Sèvis Kliyan Pakin Otorize ak Pèmi nan nimewo 718-433-3100 oswa rele 311 pou mande yon aplikasyon.

Òganizasyon relijye a fèt pou ranpli aplikasyon an sou non eklezyastik la, epitou li dwe soumèt yon kopi chak nan dokiman sa yo:

... Deklarasyon notarye eklezyastik la ki endike li travay anmwayèn pandan omwen 20 èdtan pa semèn sou non sosyete oswa asosyasyon relijye a

plis

... Sètifikasyon Sosyete Eta Nouyòk oswa lèt U.S. Department of Treasury Internal Revenue Service (IRS), ki sètifye mezon kilt la kòm yon kote ki jwenn egzanpsyon pou taks dapre Seksyon 501(c)(3)

plis

... Papye pwopriyete a oswa papye afèmaj ki montre sosyete relijye a itilize pwopriyete a pou kilt ak deklarasyon notarye mèt pwopriyete a ki endike sosyete relijye a genyen pèmision pwopriyete a pou itilize bilding lan kòm mezon kilt

plis

... Sètifika Okipasyon ki klase pwopriyete a pou gwoup F-1(b) dapre Kòd Konstriksyon Vil Nouyòk oswa pou pwopriyete ki bati anvan ane 1938, yon lèt notarye sou papye antèt ofisyèl ki endike nimewo blòk ak pasèl ak ane konstriksyon an

plis

... Dènnye kat anrejistreman veyikil pasaje a oswa yon lokasyon alontèm pou chak veyikil k ap garanti nan pèmi an

plis

... Prèv sitiwayon eklezyastik ki dwe afekte pou pèmi an. Bay kopi sètifika òdinasyon an ansanm avèk yon tradiksyon notarye si sètifika a pa nan lang Angle

plis

... Dènnye kat asirans pou chak veyikil ki garanti nan pèmi an


Konbyen tan li pran pou resevwa pèmi an?

Aprè DOT fin resevwa aplikasyon ou ak dokiman yo, ou ta dwe resevwa yon pèmi nan 10 jou ouvab. Anvan ou aplike pou yon pèmi, ou fèt pou rezoud nenpòt sitasyon ou potko rezoud avèk Depatman Finans Vil Nouyòk, Vyolasyon Estasyonman.


Konbyen pèmi yo bay?

Yo bay yon pèmi pou yon òganizasyon relijye avèk jiska aprepre 3 plak imatrikilasyon sou pèmi an.


Kote ki Otorize Pou Klèje a Estasyon




Okipe Tout Blòk Kare a




Okipe Mitan Blòk la



Okipe Yon Pati Blòk la



Okipe Pati Mitan Blòk la



Okipe Kwen Blòk la

Mezon Kilt/Lopital/Ponp Finèb
Pakin ki Otorize pou Klèje